лари янгидан қурилди ва мавжудлари таъмирланди.

Ўрганилаётган даврда Мактаб таълимини ривожлантириш давлат умуммиллий дастури асосида юртимизда амалга оширилган ишлар сарҳисобини қиладиган бўлсак, умумтаълим мактабларининг моддий-техника базасининг мустаҳкамланишида дастурда белгиланган асосий устувор йўналишларнинг тўлиқ амалга оширилганини кўрамиз.

Жумладан, умумтаълим мактаблари бинолари ва муҳандислик-коммуникация инфратузилмасини тубдан янгилаш ва реконструкция қилиш борасида 3 млндан ортиқ ўқувчи ўринли 8501 та мактабларда қурилиш-таъмирлаш ишлари амалга оширилди. Шу жумладан, 1.166.40 ўқувчи ўринли 351 та янги мактаб бинолари қурилди, 850.951 ўқувчи ўринли 2470 та мактаб бинолари ва муҳандислик-коммуникация инфратузилмаси мукаммал реконструкция қилинди, 2.044.582 ўқувчи ўринли 3607 та мактабларнинг бино ва иншоотлари капитал ва 2072 та мактаб эса жорий таъмирлашдан чиқарилди. Ушбу таъмирланган мактабларнинг 1326 таси (16 %) шаҳарларда, 6887 таси (81 %) қишлоқ ҳудудларида, 287 таси эса (3 %) борилиши қийин бўлган ҳудудларда жойлашгандир.

Тадқиқот натижалари асосида хулоса қилиб шуни таъкидлаш лозимки, давлатимизнинг умумтаълим мактабларига эътибори туфайли юртимизда янги мактаблар қурилди, мавжудлари таъмирланди, уларнинг моддий-техника базаси мустаҳкамланиб борди. Хусусан, 2004-2009 йилларда Мактаб таълимини ривожлантириш давлат умуммиллий дастури учун эса қарийб 1,5 триллион сўм маблағлар сарфланди[19]. Ушбу дастурда белгиланган устувор вазифалар юртимизда таълим ислоҳотларининг чуқурлашувида улкан аҳамият касб этди. Энг муҳими, мамлакат ёшларининг аксар қисмини қамраб олган республика умумтаълим мактаблари шарт-шароитлари янада яхшиланди ва умумтаълим мактаблар тараққий этган дунё таълим муассасалари даражасига яқинлашди.

**Адабиётлар**


1. ЎзР Халқ таълимига оид норматив-ҳуқуқий ҳужжатлар тўплами. -Т.: 2008. Т.1. 48-56-б.
2. Ўзбекистон Республикаси Халқ таълими вазирлиги (бундан буён: ЎзР ХТВ) жорий архиви. 4374-фонд. 64-рўйхат. 42-иш. 82-83-б.
3. Маърифат. 2004, 25 февраль.
4. ЎзР Халқ таълимига оид норматив-ҳуқуқий ҳужжатлар тўплами. -Т.: 2008. Т.1. 230-236-б.
5. Ўша жойда. –Т.2. 85-112-б.
6. ЎзР ХТВ жорий архиви. 3845-фонд. 46-рўйхат. 90-иш. 51-б.
7. ЎзР ХТВ жорий архиви. 2435-фонд. 48-рўйхат. 31-иш. 40-44-б.
8. ЎзР ХТВ жорий архиви. Умумтаълим мактаблари бош бошқармаси. “2004-2009 йилларда Мактаб таълимини ривожлантириш давлат умуммиллий дастури”нинг 2005 йилдаги ижроси юзасидан бажарилган ишлар бўйича ҳисоботи. 3245-фонд. 51-рўйхат. 14-иш. 10-27-б.
9. ЎзР ХТВ жорий архиви. Умумтаълим мактаблари бош бошқармасининг умум ўрта таълим мактабларидаги 2005 йилда Умуммиллий дастур режалари асосида қурилиш-таъмирлаш ишлари ҳақида маълумот. 4946-фонд. 13-рўйхат. 2-иш. 7-12-б.
10. ЎзР ХТВ жорий архиви. Инвестицияларни жалб этиш ва халқаро ҳамкорлик бўлимининг ҳисоботлари. 4623-фонд. 21-рўйхат. 86-иш. 14-30-б.
11. ЎзР ХТВ жорий архиви Тошкент вилояти халқ таълими бўлимининг ҳисоботлари. 3621-фонд. 54-рўйхат. 42-иш. 76-83-б.
12. Ўша жойда. 3984-фонд. 27-рўйхат. 8-иш. 53-54-б.
13. ЎзР ХТВ жорий архиви Умумтаълим мактаблари бош бошқармасининг ҳисоботлари. 3251-фонд. 67-рўйхат. 47-иш. 19-33-б.
14. ЎзР Халқ таълимига оид норматив-ҳуқуқий ҳужжатлар тўплами. -Т.: 2008. Т.2. - 72-83-б.
15. ЎзР ХТВ жорий архиви Дарсликлар ва ўқув методик адабиётларнинг янги авлодини яратиш бўлимининг “Таълим тизимини ривожлантириш” (2003-2007 йиллар) дастури ижроси юзасидан тайёрланган ҳисоботи. 3291-фонд. 40-рўйхат. 56-иш. 9-27-б.
16. ЎзР ХТВ жорий архиви Инвестицияларни жалб этиш ва халқаро ҳамкорлик бўлимининг Халқаро ҳамкорлик режа ва дастурларининг 2006-2009 йиллардаги бажарилган ишлар юзасидан тайёрланган ҳисоботи. 3291-фонд. 8-рўйхат. 72-иш. 5-12-вараклар. 93-иш. 7-20-б.
17. Ўша жойда. 43-иш. 23-28-б.
18. ЎзР ХТВ жорий архиви Тошкент вилояти халқ таълими бўлимининг ҳисоботлари. 6137-фонд. 24-рўйхат. 83-иш. 20-21-б.
19. Ўзбекистон Республикаси Президентининг “Ўзбекистон ўқитувчи ва мураббийларига” байрам табриги. “Халқ сўзи”. 2009. 30 сентябрь.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада 2004-2009 йилларда Мактаб таълимини ривожлантириш давлат умуммиллий дастури асосида Ўзбекистон халқ таълими тизимидаги мавжуд муаммолар ва уларнинг ечими юзасидан олиб борилган ислоҳотлар ва амалга оширилган чора-тадбирлар архив ҳужжатлари ва илмий манбалардан фойдаланилган ҳолда илмий-тарихий жиҳатдан таҳлил этилди

**РЕЗЮМЕ**

В статье с исторической и научной точки зрения анализируются проблемы и реформы, а также конкретные меры по их решению в системе народного образования Узбекистана в рамках государственной общенациональной программы развития школьного образования на 2004-2009 гг.

**SUMMARY**

The article from a historical and scientific points of view analyzes the problems and reforms, as well as the concrete measures implemented to solve them in the public education system of Uzbekistan in the framework of the state National program for the development of school education in 2004–2009.


## J.BAZARBAEVTÍŃ DÁSTÚRLER, RUWXÍYLÍQ HÁM ÁDEP – IKRAMLÍLÍQ HAQQÍNDAǴÍ TÁRBIYALÍQ KÓZQARASLARÍ


**P.M.Joldasbaev -** *doktorant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so’zlar:** dasturlar, manaviyat, odob-axloq, yoshlar, tarbia, jamiyat, milliylik, pedagogika,

**Ключевые слова:** обычаи, духовность, этика и эстетика, молодёжь, воспитание, общество, национальность, педагогика.

**Key words:** customs, spirituality, ethics and aesthetics, youth, education, society, nationality, pedagogica.


Ázel-ázelden bizge belgili, qaysı elde yaki mámlektte bolsın ilimge, mánáwiyatqa hám tárbiyaǵa itibar kúshli bolsa sol eldiń rawajlanıw jolı júda joqarı dárejede bolǵan bunı bir qansha tarıyxıy mısallarda kórsekte boladı. Mine usınday danalıq pikirlerden kelip shıǵıp elimizdiń húrmetli Prezidenti Shavkat Miramanovich Mirziyoyev 2020-jılı 24-yanvar sánesinde Oliy májliske jollaǵan múrajatinde, «Ilim joq jerde artqa qalıwshılıq, jawızlıq hám álbette durıs joldan adasıw boladı. Shıǵıs danıshpanları aytqanınday: “Eń úlken baylıq-bul aqıl-oy hám ilim, eń úlken miyras-bul jaqsı tárbiya, eń úlken kambaǵalshılıq-bul sawatsızlıq bolıp esaplanadı!”. Sol sebepli, hámmemiz ushın zamanagóy

bilimlerdi ózlestiriw shın mánide máripat hám joqarı mádeniyat iyesi bolıwımız úzliksiz turmıslıq talapqa aylanıwı kerek»- degen edi [1:1].

Húrmetli Birinshi Prezidentimiz I.A.Karimov "Joqarı mánawiyat-jeńilmes kúsh" kitabında Jaslarımız erteńgi kúnde qanday insanlar bolıp jámiyetke kirip barıw bugingi bergen tárbiyamızǵa baylanıslı degen edi [2:3].

Birinshi Prezidentimizdiń bul pikirlerinen kelip shıǵıp házirgi tez pát penen rawajlanıp baratırǵan bul dawirde jaslarımızdı ullı babalarımızdıń múnásip awladları etip tárbiyalaw búgingi kúnniń juwapkershilikli wazıypası hám ahmiyetli mashqalsı bolıp tabıladı.

Usı pikirlerden kelip shıǵıp ullı oyshıllarımızdıń qaldırǵam ilimiy miynetleri tálim tárbiyalıq oy-pikirleri negizinde jaslarımızdı mánawiy barkamal hám kámil insanlar etip tárbiyalawımız aldımızdaǵı úlken wazıypalardı belgilep beredı. Elimizdiń usınday pidayı alımlarınan biri Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń haqıyqıy aǵzası akademik Jumanazar Bazarbaevtıń jaslar tárbiyasında, qala berse xalqımızdıń ádep-ikramlılıq tárbiyasında aytqan qimbat bahalı pikirleri hám pedagogikalıq miynetleri birqanshanı quraydı. Ilimpazdıń miynetlerine názer salatuǵın bolsaq, bul ilimiy miynetler túp negizinde jaslarǵa tálim tárbiya beriwdiń negizi shańaraq ekenligi hám xalqımızdıń jillar, ásırler dawamında saqlap kiyatırǵan milliy salt dástúrlerimizge tereńirek urǵı berılgen. Buǵan misal retinde tómendegi qatarlardı keltirip ótsek boladı. Dástúrler, úrp-ádetler, salt-saneler jámiyettegi sociallıq qatnasıqlardıń túrlerin, mádeniyattıń dárejesin kórsetiw menen birge, tárbiyanıńda tiykarǵı qurallarıń adamlardı jámiyetlik qadaǵalawdıń hám biriktiriwdiń ahmiyetlı formasında kórsetedi.

"Bilmedik elińniń sırın, jedik alaqshınnıń qırın" degen gáplerde usınday úrp-adetlerdi elemewdiń nátiyjesi. Dástúrler xalıq mádeniyatınıń kúta ahmiyetli bólegi bolıp, onda adamlardıń tuwxıy baylıǵınıń dárejesi, basqalardan ayırmashılıǵınıń barlıq belgileri kórinedi [3:13] degen qımbat bahalı pikirlerin aytıp ótken. Haqıyqatında da, dástúrlerimiz, úrip adetlerımız xalqımızdıń jıllar dawamında qaliplesken tıykarǵı mádeniy baylıǵımız bolıp tabıladı. Áne sol tıykarında, jaslarǵa tálim-tárbiya beriw watanǵa súyispenshilik ruwxında tárbiyalaw búgingi kúnniń ahmiyetli mashqalası bolıp esaplanadı. Ilımpazdıń aytqan pikirlerinen kelip shıǵıp manawiy tárbiya negizinde jaslarımızdı tárbiyanıń basqa da túrleri menen baylanıstırıp olarǵa aqllıy, estetikalıq, miynet hámde ádep-ikramlılıq tárbiyasında alıp barıwımızǵa boladı. Xosh dástur degenimiz ne ózi hám onıń jaslar tárbiyasında ornı qanday? Dástúr degenimiz, haslında latınsha "Jetkeriw" degendi ańlatıp awladdan awladqa jetkeriletuǵın hám táriyxıy rawajlanıw tiykarında qáliplesetuǵın úrip ádet, uluwmalıq tártip, ádep- ikramlılıq norması bolıp esaplanadı. Jaqsı dástúr ómir jarasıǵı hám sonıń menen birge, adamzat mádeniyatına hár bir xalıqtıń qosatuǵın úlesi de bolıp tabıladı. Dástúrdiń eń ahmiyetlı uluwma xizmeti adamlar arasındaǵı rawajlanıwshı hám ózgeriwshi turaqlılıqtıń ózin támiynlew bolıp tabıladı.

Bunda dástúr sociallıq birlikti qaliplestiriwdiń quralı hám tiykarı nızamı sıyaqlı bolıp kórinedı. Bunıń anıq mısallarınıń biri-ruwlıq birigiwler olardıń awizbirshiligin hám jámleniwin saqlawǵa urınıwshılıq. "Kimniń jerin jaylasań sonıń jırın jırlaysań" degen naqilda usıǵan baylanıslı. Shınında da, dástúr jámlestıredı, aralastıradı, qáliplestiredi. Sonıń menen, qatar, dástúrdiń jamiyetshiligi geyde tikkeley emes al qıyalıy sırtınan qosıp qoyıw jaǵdayındada bolıwı múmkin.

Dásturdiń informaciyalıq xizmeti de bolıp olar sociallıq informaciyanıń jıynalıw, saqlanıw hám ekinshi birewlerge beriliwiniń ózgeshe quralı retinde xizmet atqaradı. Dásturlerde informaciyalar nıǵızlanıp, jámiyettiń esinde saqlanadı hám ásirlerge ketedı. Usıgan baylanıslı adamlar ózleriniń tuwılıwınan baslap qatnasıqların hár sapar qayta dúzey beriw zarúrliginen azat boladı bul maǵluwmatlar arqalı olar ata-babadan qalǵan materyallıq hám ruwxiy mádeniyatlardı boyına sińiredi. Sonlıqtan qaraqalpaqlarda: "Ata salǵan jol bar, ene pishken ton bar" degen naqıl maqaldı jas awladlardıń ata - anadan miyras etip alıwınıń ózi dásturlık ekenligin kórsetedı. Jaslardıń dástúrge iqtiyatlıq penen qatnası yaǵnıy onı túsiniwi dásturdi buzıp adamlardıń kewline tiyip alamawı aytarlıqtay qadir qımbatlılıqqa iye bolıp onday jaslardı "Kórgenli" dep bahalap, al dásturge sıymaytuǵın islerdi islegen adamlardı "Kórgensiz" dep esaplap jámaáttiń pikirinshe awır ayıptı taǵadı [3:15].

Ilimpazdıń joqarıda aytqan pikirlerinen kelip shıǵıp házirgi kúnde jámiyetimizde ushrasıp atırǵan zamanagóy dásturler, atap aytqanda, toy-merekelerdegi unamsız dásturler jámiyette xalıq arasında óziniń tárbiyalıq hám ádep-ikramlılıq wazıypalarına iye bolmaǵan dástúrler kóplep ushırasıp atırǵanlıǵı jaslarımızdıń ádep-ikramlılıq normaların bilmewiniń, qalaberse, shańaraqlarda ata-analarımız ózleriniń tárbiya procesindegi juwapkershilikli wazıypasın tolıq atqarmawshılıǵınıń nátiyjesi bolıp tabıladı. Sonlıqtan, házirgi waqıtta bilimlendiriw tarawında ruwxıylıq tádbirlerin kóplep shólkemlestirilse, bilimlendiriw orınlarında salt-dástúrlerimizdi ózinde sawlelendirgen ilajlar, jazıwshı hám alımlar menen dóngelek stol átrapinda sáwbetlesiwler sholkemlestirilse, joqarı oqıw orınlarında manawiyat kúnlerin turaqlı túrde ótkerilip talabalardıń bos waqıtların ruwxıy-aǵartıwshılıq tádbirleri menen qamtıp alsaq, jaslarda mentalitetimizge, ruwxıylıǵımızǵa bolǵan kózqarasları unamlı tárepke qaray baǵdarlawǵa boladı.

Sonıń menen birge, ilimpazdıń jaslar tárbiyasında ruwxıylıq hám ádep-ikaramlılıqtı teńdey alıp barıw kerekligi hám sonıń negizinde jaslardı qorshaǵan ortalıqta belgilengen normalar, jámiyettiń talap hám nızamları tiykarında tárbiyalawdıń tiykarǵı quralların-nan biri dep aytadı. Jáne de ádep-ikramlılıqti rawajlandırıwdı mámleketlik kólemde aktual mashqalaǵa aylandırmay turıp mámlekttiń rawajlanıw jolında joqarı nátiyjelerge erisiwimiz qıyın degen pikirin aytadı. Buǵan mısal retinde ilimpazdıń tómendegi qatarların keltirip ótsek boladı.

Adamzat jámiyeti rawajlanǵan sayın ádep ikramlılıq qatnaslarǵa itibardı kúsheytiw iqtiyajı tuwılıp baradı. Sebebi, hesh bir mámleket yaki jámiyet ádeplilikke baylanıslı ruwxıy aǵartıwshılıq imkaniyatların rawajlandırmay hám bekkemlemey turıp, óz keleshegin kóz aldına keltire almaydı. Sebebi, jámiyettiń rawajlanıwı insanlardıń ádebi axılı hadal miyneti mámleket baylıǵı tiykarında esaplanıp onıń alǵa qarap barıwınıń negizi boladı. Demek, ádep-ikramlılıq normaların rawajlandırmay mámleket rawajlanıwın joqarılatıw qıyın boladı,

Ádep-ikramlılıq tárbiyasına itibarsız qaraǵan jámiyet ekonokimalıq siyasiy, mádeniy, texnikalıq jeńislerge erıspeydi, kerısinshe, kriziske ushraydı. Sebebi, jámiyettegi barshe jeńis hám kemshilikler insannıń ruwxıy kamalatına barıp taqaladı. Ruwxıy kamalatqa erıspegen jámiyettiń materyallıq tárepten de keleshegi jarqın bola almaydı. Sol sebeplı de jámiyet keleshegin táminlew ushın ádep tárbiyasın jaqsılaw talap etiledı. Xalqı ruwxıy tárepten jarlı bolǵan mámlekettiń tábiyiy baylıqları, materyallıq baylıqları esapsız bolsa da, hár qashan abroy itibarǵa ılayıq ullı mámleket bolıwı qıyın boladı.

Ruwxıyat-ózlikti ańlaw. Ózligin ańlap jetken insan-ruwxıyatı jetik insan. Onıń hámme ádeplilik pazıyletleri qalbindegi ruwxıyat nurınıń sawleleniwinde kórinedi.

Ádep-ikramlılıqtıń iyman, insap, halal, haram máseleleri tiykarǵılardan bolıp, olar tikkeley insan ruwxıylıǵına baylanıslı. Ruwxıyat-anıq mánide ádepliliktiń ishki kórinisi.

Sonıń ishinde, jalǵan sóylew, ǵiybat, dóhmet, kisiniń haqısına qiyanet, dámegóylik túrli ruwxıy buzılıwlar ádep-ikramlılıqtıń hám milliy ruwxıyatımızdıń dástúrlerinde keskin qaralanıp keliwi de olardıń tikkeley baylanısın

kórsetedi [4:34].

Bul aytılǵan pikirlerden elımız óz mintalitetinen, úrip-ádetlerinen, dininen hám salt dástúrlerinen kelip shıǵıp ózlerımızdiń ruwxıylıq hám ádep ikramlılıq tárbiyamızdı ámelıyatqa engiziwimiz kerekligin ańlawǵa boladı. Bul aytılǵan pikir hám usınıslarǵa 2019-jıl 31-dekabr sánesinde qabıl etilgen Ministrler kabinetiniń 1059-sanlı "Úzliksiz ruwxıy tárbiya koncepciyasın tastıqlaw hám onı ámelge asırıw is-ilajları haqqındaǵı" qararı [5:1] tiykarǵı metodalogiyalıq qural sıpatında paydalansaq boladı.

## Ádebiyatlar


1. Ózbekstan Respublıkası Prezidentiniń Oliy májliske Múrajáti. / «Erkin Qaraqalpaqstan» №12, 28-yanvar, 2020.
2. Karimov I.A. Joqarı manawiyat jeńilmes kúsh. -T.: 2008.
3. Bazarbaev J. Ádeptanıw. –Nókis: 1992. 13-b.
4. Bazarbaev J. Ruwxıylıq tiykarları. –Nokis: 2016, 34-b.
5. 2019-jil 31-dekabr sánesinde qabıl etilgen Ministrler kabinetiniń 1059-sanlı "Úzliksiz ruwxıy tárbiya koncepciyasın tastıyıqlaw hám onı ámelge asırıw is-ilajları haqqındaǵı" qararı.



**REZYUME**

Bu ilmiy maqolada akademik Jumanazar Bazarbaevning yoshlar tarbiyasida dasturlar, ma'naviyat va odob-axloqning o'rni haqida, qolaversa, ularning jamiyat rivojlanishidagi ahamiyati bo'yicha fikrlar aytilgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье приводятся мысли академика Жуманазара Базарбаева о роли обычаев, духовности, этики и эстетики в воспитании молодёжи, а также их роль в развитии общества.

**SUMMARY**

The article presents the ideas and opinions of Academician Jumanazar Bazarbaev about the role of customs, spirituality, ethics and aesthetics in education of the youth and their role in the development of society.


# ХАЛЫҚ ПЕДАГОГИКАСЫНДА ЖАСЛАРҒА ӘДИРАСПАН ӨСИМЛИГИНИҢ ЕМЛИК ҚӘСИЙЕТИН ҮЙРЕТИЎ ДӘСТҮРЛЕРИ


**А.Ж.Курбанбаева –** *ассистент оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** таълим-тарбия, халқ педагогикаси, даво хусусияти, алколоид, исириқ.
**Ключевые слова:** образование и воспитание, народная педагогика, целебное свойства, алколоид, гармала.
**Key words:** education and upbringing, folk pedagogy, medicinal properties, alcoloid, Peganum harmala.


Әдираспанда басқа өсимликлерде ушраспайтуғын өзине тән емлик қәсийети бар екенлигин адамлар түрлише тәжирийбесинен жақсы байқаған. Нәтийжеде, оны ем сыпатында пайдалана баслаған. Халқымыз тикеллей әдираспанның қурамына биологиялық таллаў жасап билмеген болса да оның қурамында инсан организими ушын дәрилик шыпалы қәсийети бар екенлигин түрлише тәжирийбесинен билген. Шынында да халқымыз жасларға берген тәрбия ислеринде әдираспаннан таярланған суйықлылықларды ем сыпатында пайдаланыўды жасларға үйретип бад ҳәм тери кеселиликлерин емлеген [1].

Халық педагогикасы жаслардың денсаўлығы жақсы беккем болыўы ушын көп ғана изленислер алып барған. Халық тәбиятқа жақын жасағанлықтан тәбият ҳәм адам машқаласын белгили дәрежеде бул екеўин уйғынлықта түсиниўге ерискен. Усы көзқарастан келип шыққан халық өз тәжирийбелеринде емлик өсимликлердиң инсан организимине пайдалы тәрепин байқап, буны мудамы инабатқа алып жасаған. Усылардың бири халқымызға кеңнен мәлим болған шөп әдираспан есапланады.

Әдираспан туқымында көп муғдарда алкалоидлар болып олардың тийкарын гармин, гармалин, гармалол ҳәм пеганин қурайды. Олар дезинфикция қылыў қәсийетине ийе болғанлығы себепли ҳәр түрли дәнлер сақлайтуғын ғәллехана сыяқлыларда зыянлы қумырысқалардан тазалаўда ислетиледи. Гармин алкалоиды медицинада қалтыратпа ҳәм безгек кеселиликлерин емлеўде қолланылады. Адамзат әдираспан өсимлигиниң пайдалы қәсийетлерин яғный тийкарғы қурамын билмеген халатта әдираспан өсимлигине илаҳий түс берген. Ески заманларда халқ педагогикасындағы дереклерде айтылыўына қарағанда, үйде адраспан түтетилсе ол барлық жин-жыпырлерди қуўып шығарады ҳәм инсанның дәртине даўа болады деп түсинилген. Сол себепли әдираспан балаларға қызылша шыққанда яки болмаса бала жаңа туўылған гезде тағы басқа көп орынларда ҳаўаны орталықты тазалаў мақсетинде түтетип түтини арқалы зыянлы микробларды жоқ қылған. Олардан тысқары, әдираспан көзиккен гезде түтетилген. Көз тийиўдиң алдын алыў ушын оны есиктиң төбесине яки болмаса басқа орынларға илдирип қойған. Әдираспанда илаҳый сыр бар деп түсинген. Ондағы барлық сыр әдираспан түтетилгенде ондағы қурам бөлеклер жандырылғанда пайда болатуғын түтин дизенфекция қылыў қәсийетине ийе. Ҳақыйқаттан да әдираспан түтини ҳаўаны түрлише зыянлы микроблардан тазалайды ҳәм өзине тийисли жағымлы ийиси менен унамсыз ийислерди жоқ етеди. Әдираспандағы шыпалы сыпатларды нәзерде тутып, оны ўақты-ўақты менен үйлерде түтетип турыў усыныс етиледи. Халық буларды илимий түрде дәлиллеп түсинбесе де, әмелий турмыс тәжирийбелеринде жақсы байқаған. Халықымыз медицинасында ески заманлардан берли әдираспан өсимлигин пайдаланылып келмекте. Әдираспанның жер үстки бөлимин ийип бууынлар аўрығанында ҳәм буўын нерв системалары аязлаған жерлерге байлама қойып байлаўды халық тәжирийбесинде белгили еди [2].

Халқымыз бул мағлыўматларға тийкарланған ҳалда әдираспаннан сүйек-бууынлар аўырғанда, нерв тамырлар аязлағанда, ишек ҳәм бабасыр сыяқлы көплеген кеселликлерди емлеўде пайдалана алғанлығы ҳаққында мағлыўматлар бар. Сол заманларда да халқымыз әдираспанның аўырыў қалдырыў қәсийети ескише тәўиплерге белгили болған ҳәм халық арасына емлеў сырларын ен жайдырған. Халық педагогикасында жасларға медициналық билим-тәжирийбелерин қәлиплестириўде, емлеўде әдраспанның жер үсти бөлиминен таярланған қайнатпа халқымыз арасында ушырасатуғын қалтыратпа, тутқанақ, уйқысызлық, аязлаў ҳәм басқа да көплеген келлликлерде тынышландырыўшы, уйықлатыўшы ҳәм аўырыў қалдырыўшы сыпатында қолланылған. Және әдираспаннан қайнатылған қайнатпа ҳәр түрли тери кеселликлерине ем сыпатында да ислетиледи, әдраспанның пақалынан таярланған қайнатпа терлетиўша ҳәм бүйрек шамаллағанда сидик бөлип шығарыўшы қәсийетке де ийе [3].

Сондай ақ, халық тәжирийбесинде демқыспа ҳәм дем алыў жоллары кеслликлеринде яғный дем алыў қыйынласқан ўақытларда әдраспанның тухымынан бир ас қасық ҳәм зығыр тухымынан бир ас қасық алып қайнатпа таярлаған ҳәм келлике шалынған хылқымыз халық медицинасында шыпа ретинде пайдаланып келген.

Халық медицинасында әдраспанның қурғатылған